

Ou oblije soumèt yon kopi dokiman annapre la yo pou pwosesis rekonfimasyon an:

<p style="text-align: center;">Idantite</p> <ul style="list-style-type: none"> • Bay youn nan bagay sa yo pou tout fanmi k ap viv nan kay la: <ul style="list-style-type: none"> o Lisans chofè Valid Florida oswa ID Leta bay • Bay youn (1) nan bagay sa yo pou pitit ou <u>ki pral resevwa swen an</u> : <ul style="list-style-type: none"> o Yon kopi orijinal / sètifye batistè ameriken pitit ou a o Yon paspò ameriken o Kopi kat rezidan timoun lan o Sètifika Sitwayènte / Natiralizasyon o Dokimante etranje ki montre ou te antre nan peyi a legalman (sètadi I94, I 94A, I 97, I551, ak I766 avèk paspò etranje. <p>REMAK: W ap bezwen bay prèv tout timoun k ap resevwa asistans gadri yo gen papye legal.</p>	<p style="text-align: center;">Edikasyon (si sa aplikab)</p> <p>Bay youn (1) nan bagay sa yo pou fanmi(yo) ki enskri nan lekòl la</p> <ul style="list-style-type: none"> o Orè ofisyèl pou klas yo nan moman an ki montre èdtan kredi, jou ak lè klas yo o Lèt ofisyèl lekòl la sou papye antèt ak yon so ofisyèl ki deklare kantite èdtan klas la ak lè laboratwa, dat trimès la / peryòd fòmasyon an kòmanse ak dat li fini, ak dat timoun la ta sipoze gradye a.
<p style="text-align: center;">Rezidans</p> <p>Bay youn (1) nan bagay sa yo pou verifye kote w ap viv la:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Bòdwo sèvis piblik (elektrisite, gaz, dlo), kab, entènèt oswa bòdwo kay ou ki gen dat ki mwenske 12 mwa apre dat aplikasyon timoun ou an o Akò lwaye rezidansyèl ki valab epi ki siyen oswa resi peman lwaye ki gen dat ki mwenske 12 mwa apre dat aplikasyon timoun ou an o Relve Ipotèk ki gen dat ki mwenske 12 mwa apre dat aplikasyon timoun ou an o Evalyasyon taks ki montre egzansyon pou kay oubyen Korespondans nan moman an pou Koupon Manje/Medicaid (nan 30 dènye jou yo) o Lèt Koupon pou Manje/Avi Desizyon pou TANF (èd lajan kach) nan 12 mwa oswa mwens avan aplikasyon w lan o Souch chèk - resan epi youn apre lòt (souch chèk 4 semèn ki sot pase yo) o Si w ap viv avèk yon moun: Bay dokiman rezidans moun lan ak yon lèt notarye moun lan ekri pou konfime adrès li e ke oumenm ak timoun ou an(yo) ap viv nan kay li 	<p style="text-align: center;">Dokiman Timoun nan</p> <p>Bay youn (1) nan bagay sa yo pou tout timoun k ap viv nan kay ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Yon kopi orijinal/sètifye batistè timoun lan o Yon kopi orijinal/sètifye sètifika batèm/lòt sètifika relijye timoun nan <u>avèk</u> yon affidavit ki deklare sètifika a vre/kòrèk o Yon kontra asirans vi ki te anplas pandan 2 zan omwen o Yon paspò/sètifika arive Ozetazini o Dosye vaksinasyon ajan sante / doktè ki gen lisans te siyen o Kat idantifikasyon depandan militè ki valab o Prèv gad legal – dokiman lòd tribinal <p>REMAK : Ou bezwen dokiman prèv pou tout timoun ki abite nan kay la. Sa yo k ap resevwa swen ak sa yo ki PA P resevwa swen.</p>
<p style="text-align: center;">Travay</p> <p>Si w travay 20 èdtan oswa plis pa semèn, tanpri bay youn nan bagay sa yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Souch peman valab/youn dèye lòt: Kat (4) dènye souch peman pa semèn; oswa de (2) souch peman chak de semèn; oswa de (2) souch peman de fwa pa mwa, oswa yon (1) souch peman pa mwa o Fòm Verifikasyon Revni anplwayè ou ranpli/siyen ki montre 4 semèn revni. o Si ou se yon travayè endepandan oswa ou touche lajan kach: deklarasyon taks sou revni ane pase, avèk liv dafè ak/oswa Anèks C (Schedule C), kalandriye travay (orè) ak resi pou tranzaksyon ki site nan kalandriye a <p>REMAK: Si ou touche ak chèk, ou DWE bay kopi chèk yo.</p>	<p style="text-align: center;">Gwosè Fanmi an</p> <p>Bay dokiman pou lòt manm fanmi ou ta renmen mete nan gwosè fanmi ou:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Prèv laj tout TIMOUN k ap viv nan kay la. o Pyès idantite ak foto pou fanmi ki adilt yo o Prèv lòt revni moun kay la touche o Si w separe: lèt notarye ki endike dat separasyon an, non, adrès, ak nimewo telefòn mari/madanm. Prèv adrès paran absan an nesesè sou fòm yon bòdwo sèvis piblik oswa kontra lwaye. Si ou pa konnen kikote mari/madanm ou ye, bay yon lèt ekri notarye ki endike ou pa konnen ki kote li ye. Lèt la dwe gen dat epi siyen. o Si w divòse: Papye divòs yo
<p style="text-align: center;">Revni nan Travay/Revni ki pa soti nan Travay</p> <p>Tanpri bay nenpòt nan bagay sa yo, si sa aplikab:</p> <ul style="list-style-type: none"> o Lèt otorizasyon/dokiman enprime nenpòt avantaj Sekirite Sosyal ki eksplike rezon ki fè yo bay revni an. Si w andikape, bay korespondans Sekirite Sosyal o Deklarasyon andikap doktè a ki konfime paran/gadyen legal la egzante pou egzijans travay epi ki bay rekòmandasyon pou gadri (doktè a dwe mete dat sou li/siyen li) o Lèt Koupon pou Manje/Avi Desizyon pou TANF (èd lajan kach) o Dokiman enprime Egzekisyon Sipò Timoun nan Moman an o Si sipò timoun lan pa peye atravè Egzekisyon Sipò Timoun: Soumèt Deklarasyon Sipò Timoun ELC a 	